

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur (carita drama jeung naskah carita drama) anu satulunya hasil tina analisisna dijadikeun alternatif bahan pangajaran paguneman di kelas V SD. Objék dina ieu panalungtikan nya éta naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana. Dina ieu naskah drama téh aya genep judul naskah nya éta “Budak Leutik Bisa Ngapung”, “Sang Irik-irik Kijang”, “Geber-geber Hihid Aing”, “Hiji, Dua, Tilu... Gajleng”, “Sakadang Ténggék”, jeung “Seuhah Lata-lata”. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ngeunaan struktur carita drama (téma, galur, tokoh jeung watek tokoh, latar, jeung moral/amanat) jeung struktur naskah carita drama (prolog, dialog, babak, épisode, adegan, wawancang, solilokui, aside, jeung épilog) tins genep naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana jeung larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran paguneman di kelas V SD. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tiori struktural carita drama jeung struktur naskah drama numutkeun sababaraha ahli, sarta kritéria milih bahan ajar Nasution. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis kalawan téhnik talaah pustaka. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeun kabagi jadi dua, nya éta instrumén pikeun ngumpulkeun data sarta instrumén anu digunakeun pikeun ngolah data. Instrumén pikeun ngumpulkeun data nya éta instrumén tabél céklis buku sumber, sedengkeun instrumén dina ngolah data mangrupa kartu data struktural jeung tabél céklis kritéria milih bahan ajar.

Dumasar struktur carita naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana miboga téma kaayaan hayang mikanyaho hiji hal laju teu ditarima kubatur, bisa diperjuangkeun ku kayakinan nu kuat; ngagambarkeun rasa gumbira, suka senang, jeung kabagjaan; silih aih, silih asah, silih asuh antara adi jeung lanceuk; kapinteran téh bisa digunakeun sangkan bisa salamet tina marabahaya; babaturan anu sapapait, samamanis; jeung kapinteran tur loba akalna

sakadang Kuya jeung sakadang Monyét anu bisa salamet tina marabahaya. Ditilik dumasar analisis galur tina genep judul naskah drama miboga galur mérélé. Anapon tokoh jeung watek dina genep judul naskah drama nya éta miboga tokoh protagonis, antagonis, jeung tokoh tambahan, anu masing-masing tokoh miboga watek anu bisa jadi picontoeun jeung lain picontoeun. Latar dina ieu naskah miboga tilu latar nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar kaayaan. Sarta amanat/moral tina genep judul naskah drama téh miboga amanat anu positif anu bisa dilarapkeun pikeun kamekaran karakter barudak.

Struktur naskah drama anu kapanggih dina kumpulan naskah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana nya éta prolog, dialog, babak, adegan, wawancang, solilokui, jeung épilog.

Patali jeung bahan pangajaran, hasil tina analisis strukturna bisa nyumponan kana kritéria dina milih jeung nyusun bahan pangajaran. Dina genep judul naskah drama dina kumpulan nakah drama *Geber-geber Hihid Aing* karya Wahyu Wibisana miboga ajén-inajén anu hadé, boh nu sipatna picontoeun boh nu pieunteungeun pikeun ngawangun karakter siswa.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha saran jeung rékoméndasi pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana karya sastra. Saran jeung rékoméndasi anu ditepikeun nyaéta pikeun pamaréntah, guru, mahasiswa, panalungtik satulunya jeung masarakat umum.

- 1) Pikeun pamaréntah Indonésia, boh regional boh nasional, dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi salahsiji tarékah leutik dina ngungkulan pasualan ruksakna moral bangsa utamana di kalangan rumaja kiwari anu bisa dimimitian di kalangan barudak kénéh. Ngaliwatan bacaan anu ngandung ajén-inajén nu hadé dipiharep nu maca hususna barudak, bisa nyokot sasieureun-sabeunyeureun, nyonto kana hal-hal nu sipatna hadé sarta nytingkahan hal-hal nu sipatna goréng.
- 2) Pikeun guru, ngaliwatan ngawanohkeun bacaan sastra dipiharep bisa numuwuhkeun rasa kabagjaan jeung pamahaman kana kahirupan. Sarta

- dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran paguneman, hususna di kelas V SD.
- 3) Pikeun mahasiswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi hususna anu patali jeung ulikan struktural sarta sastra pikeun barudak.
 - 4) Pikeun panalungtik satulunya, dipiharep kahareupna aya panalungtikan anu sipatna leuwih nyosok jero hususna nu ngulik struktur jeung aspek psikologi barudak dina karya sastra sangkan bisa ngeuyeuban panalungtikan-panalungtikan saméméhna.
 - 5) Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa paheuyeuk-heuyeuk leungeun, gawé bareng dina nyingkahan ruksakna moral bangsa. Salasahiji carana ngaliwatan budaya literasi anu diwanohkeun ka barudak, utamana dimimitian ti lingkungan kulawarga.